



## Defi Paspò Pak DCR 2026

~Kesyon yo Poze Souvan~

### Enfòmasyon Jeneral

#### Ki sa Defi Paspò Pak la e ki jan l fonksyone?

Defi Paspò Pak la se yon pwogram ki bèl anpil ki fèt pou ankouraje vizitè yo vizite yon pakèt pak lè yo konplete egzèsis ki amizan e rasanble so. Moun k ap patisipe yo ap resevwa yon bwochi Defi Paspò Pak ki gen ladan **12 andwa yo prezante nan DCR**. Nan chak pak, patisipan yo ap jwenn opòtinite pou konplete aktivite amizan ki pa obligatwa e rasanble yon so inik pou make vizit yo a. Objektif la se pou enspire avanti, aprantisaj, e eksplorasyon sou bèl peyizaj natirèl nou.

#### Ki jan pou m patisipe?

1. Pran Bwochi Paspò Pak ou nan sant akèy vizitè patisipan oswa oswa enprime paspò yon paj nou an lakay ou.
2. Vizite pak k ap patisipe yo e chèche bwat so a e mete so sou paspò w pou w make avanti w yo!
3. Rasanble kantite so w kapab pou w konplete Defi Paspò Pak la e reklame rekonpans ou! Konplete Depi Paspò Pak la e voye fòmilè reklamasyon an disi **1<sup>ye</sup> Novanm 2026**, pou w resevwa otokolan boutèy dlo w la e pou w rantre nan tiraj pou gran pri a.

#### Èske pwogram nan gratis?

Wi, patisipasyon nan Defi Paspò Pak la **gratis**. Pa gen yon depans pou w resevwa yon paspò, oswa pou w konplete aktivite yo. Sepandan, kèk pak gendwa genyen frè paking oswa lòt frè pou lòt ekipman, se sa k fè se yon bon ide pou w byen verifye paj wèb pak la anvan w vizite l.

#### Lyen ki Itil:

Paj Wèb DCR: [www.mass.gov/dcr](http://www.mass.gov/dcr)

Anons DCR: <https://www.mass.gov/lists/dcr-press-advisories>

Chèche yon Pak nan DCR: <https://www.mass.gov/info-details/find-a-park>

Pwogram ak Evènman DCR yo: <https://www.mass.gov/info-details/massachusetts-state-parks-programs-and-events>

Enfòmasyon sou Paking DCR: <https://www.mass.gov/guides/parking-at-massachusetts-state-parks>

## **Kiyès ki kapab patisipe?**

Pwogram nan ouvè pou tout moun! Li fèt pou l ase aksesib e li fèt pou l angajan pou moun tout laj, istwa pase, ak kapasite.

## **Èske gen yon dat final pou Defi Paspò Pak la?**

**1<sup>ye</sup> Novanm 2026** se dat limit pou konplete Defi Paspò Pak la e voye fòmilè reklamasyon w pou Defi Paspò Pak ou a. Pou chak so ou resevwa, w ap resevwa yon vèsyon otokolan boutèy dlo nan so sa a. Pou sila ki rasanble tout 12, w ap rantre nan yon tiraj pou yon gran pri. Y ap voye otokolan boutèy dlo pa emèl an Novanm 2026. Y ap chwazi e enfòmè gran gayan an pa mwayen tiraj osò an Desanm 2026.

## **Ki sa m ta dwe pote pou m prepare m pou vizit mwen an?**

Lè w pare, sa ede w pi byen pwofite vizit ou a! Panse mache ak eleman ki vin apre yo:

- Bwochi Paspò Pak ou pou w rasanble so
- Soulye pou mache ak fè pwomnab ki konfòtab
- Dlo ak ti manje pou rete idrate e ak anpil enèji
- Pwoteksyon kont solèy, sa gen ladan krèm pou solèy, yon chapo, ak linèt
- Spre kont ensèk pou repouse moustik, ak lòt ensèk
- Yon kamera oswa jimèl pou w obsève gwoup bèt sovaj yo
- Yon kat pak la pou ede w jwenn wout ou

## **Fason pou w Patisipe e Suiv Pwogrè w**

### **Kibò m kapab jwenn yon Bwochi Defi Paspò Pak?**

Ou kapab pran yon Bwochi Defi Paspò Pak nan nenpòt sant akèy vizitè pou tout pak k ap patisipe yo. Pou w dekouvri ki pak ki ofri bwochi a, vizite paj wèb nou an nan **[www.mass.gov/info-details/dcr-park-passport-challenge](http://www.mass.gov/info-details/dcr-park-passport-challenge)**. Epitou, ou kapab enprime yon grenn fèy nan paspò a (**8.5x11**) lakay ou oswa nan yon libreri lokal pou w mache avèk li pandan avanti w la.

### **Ki jan m kapab rasanble so yo?**

Yonfwa ou rive nan yon pak, chèche bwat so a, ki toujou touprè sant pou vizitè a oswa lòt zòn aksesib. Itilize kòd sekre ki koresponn a rejyon pak la nan Paspò Pak ou a pou devewouye bwat la, apre sa mete so nan Bwochi Defi Paspò Pak ou a nan espas yo te bay pou pak sa a.

### **E si m pa kapab jwenn bwat so a?**

Si w nan difikilte pou jwenn yon bwat so, verifye kat map la e chèche touprè antre pak la, se sant akèy pou vizite, yon ti stang jounal, oswa sou yon wout ki aksesib. Si w toujou pa sèten, mande yon manm DCR èd.

### **Èske m oblije vizite tout pak yo?**

Non! Santi w alèz pou w vizite kantite pak ou renmen. Pwogram nan fèt pou l fleksib pou w kapab eksplòre nan pwòp rit ou. Kit ou konsantre sou rasanble so, konplete aktivite yo sijere yo, tout depann de ou menm! Pou sila ki vizite e rasanble tout 12 so yo, anplis de resevwa yon otokolan boutèy dlo nan chak pak, w ap rantre nan tiraj pou gran pri nou an.

## **Rekonpans**

### **Èske gen yon pri pou lè w konplete defi a?**

Wi! Lè w fin rasanble so, kit ou rasanble 1 so kit se tout 12 nan paspò w, ou kalifye pou yon prim! Tanpri ranpli fòmilè reklamasyon an yonfwa ou fin rasanble so yo. Chak moun dwe voye yon sèl. Pou chak so w rasanble, w ap resevwa yon otokolan boutèy dlo nan so sa a. Patisipan ki rasanble tout 12 so yo ap rantre nan tiraj gran pri a. Yo dwe voye tout fòmilè reklamasyon yo dis 1<sup>ye</sup> **Novanm 2026**.

### **Ki jan pou m reklame prim mwen?**

Yonfwa ou fin rasanble so yo, kit ou rasanble 1 so oswa tout 12 so yo, vizite paj wèb Defi Paspò Pak DCR nou an: [www.mass.gov/info-details/dcr-park-passport-challenge](http://www.mass.gov/info-details/dcr-park-passport-challenge) e klike lyen "Reklamasyon Pri" a.

W ap resevwa yon otokolan boutèy dlo, yon vèsyon otokolan sou so paspò a, nan so ou rasanble yo. Otokolan boutèy dlo ak tout lòt pri yo prale pa mèl nan Novanm 2026. Pou w rantre nan yon tiraj osò pou gen chans genyen yon lòt prim, voye fòmilè reklamasyon prim anliy ou dis 1<sup>ye</sup> **Novanm 2026**.

Ou gen kesyon? Tanpri imèl nou nan [DCRpassport@mass.gov](mailto:DCRpassport@mass.gov)

## **Aksesibilite ak Enklizyon**

### **Èske pak yo aksesib pou moun ki andikape?**

Wi, Defi Paspò Pak la fèt pou enklizif e aksesib pou moun ki gen tout kapasite. Yo mete bwat so yo nan andwa yo kapab aksede byen fasil, e kle yo fèt yon fason pou moun ki gen divès kapasite fizik kapab itilize byen fasil.

### **Èske yo pèmèt animal sèvis nan pak yo?**

Wi, yo aksepte animal sèvis nan tout pak patisipan yo. Tanpri, asire w ou suiv direktiv presi a pak la anrapò ak lòt bèt domestik.

**Note: Yo PA pèmèt Chen nan Rezèvwa Wachusett la nan okenn moman an, sof si se animal sèvis.**

### **Nan ki lang pwogram nan disponib?**

Pwogram nan disponib nan **6 lang** san wete fè pwogram nan ase enklizif posib. Vèsyon ki tradui nan bwochi Defi Paspò Pak la ak lòt materyèl esansyèl yo disponib nan:

- Anglè
- Espayòl
- Pòtigè
- Chinwa Tradisyonèl
- Kreyòl Ayisyen
- Vyetnam

### **Kibò mwen kapab jwenn vèsyon ki tradui nan bwochi Defi Paspò Pak la ak lòt materyèl esansyèl yo?**

Tout 12 pak k ap patisipe yo pral gen kopi fizik bwochi Defi Paspò Pak la ak lòt materyèl esansyèl yo disponib nan **6 lang** sa gen ladan Anglè. Nou rekòmande pou rele alavans pou asire pak la gen materyèl nan stòk OSWA ou kapab imèl,

**DCRPassport@mass.gov** e nou t ap kontan voye yon bwochi pa mèl nan nenpòt nan 6 lang yo.

## **Pwoblèm Teknik**

### **E si mwen pèdi Bwochi Defi Paspò Pak mwen an?**

Pa enkyete w! Ou kapab pran yon nouvo bwochi Defi Paspò Pak nan nenpòt nan pak k ap patisipe avèk yon Sant Akèy pou Vizitè. Si w pèdi so w yo, ou kapab toujou reklame prim ou lè w vizite paj wèb nou an e ranpli fòmilè reklamasyon prim nan.

### **Ki jan m rapòte yon pwoblèm avèk materyèl ki nan bwat so yo?**

Si w rakontre nenpòt pwoblèm avèk yon bwat so, fè yon anplwaye nan yon pak konnen sa, oswa lè voye imèl bay **DCRPassport@mass.gov**. Tanpri mete non pak la e dekri pwoblèm nan, e nou pral travay pou n rezoud li byen rapid.

### **Kiyès pou m kontakte avèk plis kesyon?**

Si w gen kesyon, santi w alèz pou mande anplwaye pak la èd. Si yo pa disponib pou w reponn kesyon w yo, ou kapab voye kesyon oswa enkyetid yo lè w voye imèl bay **DCRPassport@mass.gov**. Nou vize pou reponn tout demann atan.

